

Pou Piblikasyon Imedya: 09/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AP METE TÈS RAPID POU COVID-19 YO  
DISPONIB POU CHAK KONTE NAN ETA NEW YORK**

***Eta New York pral deplwaye premye 400,000 kit tès rapid nan Depatman Sante yo  
ak nan lòt founisè swen sante yo***

***Eta a pral bay tès rapid jan san nesesè pou ede lekòl ak lokalite yo administre tès  
obligatwa pou lekòl yo nan "Zòn Jòn" Inisyativ Aksyon pou Fwaye yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke yo pral mete tès rezilta rapid pou COVID-19 yo disponib pou chak konte nan Eta New York. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pral deplwaye yon premye 400,000 kit tès rezilta rapid gratis nan depatman sante yo, lopital yo, famasi yo, ak lòt founisè swen sante yo pou ede ogmante aksè nan tout kwen Eta New York pou tès COVID-19 gratis ke yo kapab fè nan 15 minit epi san yo pa genyen pou yo voye echantiyon nan yon laboratwa. DOH la pral priyore distribisyon kit tès yo nan konte yo ak founisè swen sante lokal yo nan zòn ki genyen ogmantasyon resan nan ka yo. Yo kapab itilize tès rapid yo pou kontwole nouvo epidemi, reyalize tès siveyans, epi yo pral mete yo tou disponib sou yon baz pou lè gen bezwen pou ede lekòl ki nan 'zòn jòn (yellow zones) yo teste elèv ak pèsònèl yo nan kad nouvo egzijans pou siveye pwopagasyon COVID-19 la nan kad [Inisyativ Aksyon pou Fwaye \(Cluster Action Initiative\)](#) Gouvènè a.

"Depi nan premye jou a, tès yo se te youn nan zouti ki pi enpòtan nou genyen pou evalye pwopagasyon COVID-19 lan nan New York. Eta New York ap bati sou pwogram tès nou an ki se lidè nan nasyon an pou etann tès rapid yo pou nan chak kwen Eta a, pou bay founisè swen sante yo ak lokalite yo zouti yo bezwen pou ofri tès rapid gratis bay rezidan ak pasyan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kit tès sa yo pral pèmèt enstitisyon swen sante yo nan tout Eta a detèmine rapidman epi yon fason kòrèk pwopagasyon COVID-19, kontwole epidemi yo epi kenbe fanmi yo ak kominote yo an sekirite. Anplis de sa, Eta a ap pran mezi prekasyon pou asire lokalite yo ap bay tès rapid pou lekòl yo ki nan kominote avwazinan yo ki te genyen ogmantasyon resan nan ka yo epi ki ap ofri enstriksyon an pèsòn yo. Nou pral bay kit tès rapid yo, jan sa nesesè, gratis nan lokalite yo pou ede yo satisfè nouvo egzijans sa a, nan bay paran yo, pwofesè yo, ak elèv yo konfyans nan sekirite konsènan eksperyans edikatif yo a."

Madi a, nan kad Inisyativ Aksyon pou Fwaye Eta a, Gouvènè a te anonse ke yo tap egzije lekòl ki ouvri pou enstriksyon an pèsòn nan "Zòn Jòn" yo pou yo teste yon pòsyon nan elèv, pèsònèl, ak pwofesè an pèsòn yo a omwen yon fwa pa semèn. Depatman Sante NYS la te pibliye jodi a direktiv ki egzije 20% nan elèv yo, pwofesè yo, ak pèsònèl ki an pèsòn nan lekòl ki sitiye nan "Zòn Jòn" yo pou yo teste yon fwa pa

semèn apati vandredi pwochen, 16 oktòb. Yo dwe rapòte tout rezilta yo rapidman bay DOH la epi yo pral rann yo disponib nan tablodbò Kat Rapò sou COVID (COVID Report Card) la. Jan sa nesesè, Eta a pral bay kit tè s rapid gratis pou gouvènman lokal yo, depatman sante yo, lekòl yo, oswa kèlkeswa founisè sante lokal gouvènman lokal la dezinye, pou ede lokalite ak lekòl yo satisfè egzijans sa a ki se yon eleman kle pou nou asire COVID-19 pa pwopaje nan lekòl yo ki nan pwoksimite jewografik toupre kote Eta a ap siveye epidemi fwaye yo.

DOH la pral pibliye yon lèt jodi a bay tout depatman sante yo, ansanm ak lopital yo, famasi yo, ak lòt òganizasyon founisè yo, ki ap ba yo detay sou fason pou yo aksede ak resevwa kit tè s rapid sa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)